



ENSTALASYON FÒM FIZIK

Si w ap dirije yon biznis pou fòm fizik nan Vil New York, Vil New York te pibliye nouvo kondisyon epi te bay zouti pou ede ou konfòme w:

- [Dekrè Majistra a](#)
- [Kesyon yo Souvan Poze](#)
- [Afich](#)
- [Modèl pwotokòl aplikasyon Minisipalite a apwouve](#)
- Direktiv sou [Aplikasyon Ekitab pou Biznis yo](#)

Gade lis konplè kondisyon yo sou [sit entènèt “Key to NYC”](#) asire w ou konfòme w, ak pwoteje anplwaye ak kliyan ou yo.

Gen yon kantite fason pou biznis yo aplike “Key to NYC.” W ap jwenn kèk egzanp nan paj annapre yo. Sa yo PA obligatwa. Egzanp sa yo gen entansyon pou ede ou detèmine fason ki pi bon ak pi fasil pou aplike “Key to NYC” ki mache pou biznis ou a.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa si w gen kesyon, tanpri rele liy dirèk Depatman Sèvis pou Ti Biznis la nan: 888-SBS-4NYC (888-727-4692).

Mete plan w lan an aksyon

- ✓ Deziyen youn oswa plizyè manm pèsònèl ki dwe responsab pou verifye prèv vaksinasyon ak idantite nan antre a (yo) pandan tout tan ou ouvè a
- ✓ Kominike anplwaye ou yo pwotokòl aplikasyon ou an byen klè, pou tout moun nan ekip ou a kapab egzekite li
- ✓ Montre anplwaye yo videyo Key to NYC ki **isit la** pou mete aksan sou pi bon pratik nan sa ki gen pou wè ak rezoud konfli ak kliyan
- ✓ Enprime plizyè kopi pwotokòl aplikasyon ou a epi mete yo yon kote ki fasil pou jwenn nan etablisman ou an
- ✓ Sonje mete ladan langaj sou “Key to NYC” sou sit entènèt ou a, ak nan imèl pou ede kliyan yo rive prepare ak enfòmè

Konnen kisa pou verifye

- ✓ Enprime lis konplè sou fason kliyan yo ka demontre prèv vaksinasyon ak fòm idantifikasyon ki ase, pou asire anplwaye ou yo gen yon gid sou men pou yo konnen sa pou yo verifye yo
PRO TIP: Moun yo ka montre kopi idantite yo tou atravè yon foto nan telefòn yo
- ✓ Ankouraje anplwaye yo pou yo mande: “Èske ou gen yon aplikasyon tankou NYC COVID Safe oswa Excelsior Pass ou ka montre m prèv vaksinasyon an ladan?”

PRO TIP: Pou moun k ap itilize iPhone yo, yo ka anrejistre sa a nan bous Apple yo

- ✓ Fè fòmasyon pou anplwaye ou yo pou yo mande tout enfòmasyon ki nesèsè an menm tan, tankou “Vil New York te aplike yon nouvo règleman sou vaksinasyon pou restoran anndan. Èske mwen ka wè NI pyès idantite ki gen foto w NI prèv vaksinasyon an?”

Yo mete chan sa a nan tout dosye vaksinasyon ofisyèl yo:

- Premye non ak siyati
- Dat nesans
- Non pwodwi vaksen an
- Se sèlman vaksen FDA oswa WHO otorize yo ki akseptab (egzanp: Moderna oswa Sinopharm)
- Nimewo lo a* (remak: nimewo lo a ka pa sou kèk kat ofisyèl lòt peyi yo)
- Dat ou te pran l
- Kote ou te pran vaksen an oswa moun ki te ba w vaksen an. Pou moun ki te pran vaksen an pandan yo pa t Etazini, ou ka mete peyi orijin lan kòm kote ou te pran vaksen an.



Kenbe bagay yo an mouvman

- ✓ Fè plizyè anplwaye pare pou patisipe nan verifikasyon prèv vaksinasyon pandan lè ki pi okipe yo

PRO TIP: si ou gen plizyè sòti/antre, panse pou diminye kantite ou itilize pou antre a pou pi byen santralize dokiman verifikasyon yo (men pèmèt yo itilize tout sòti yo)

- ✓ Se pou gen yon sistèm an plas pou anrejistre prèv vaksinasyon pou manm yo, olye pou egzije yo montre prèv la chak fwa moun nan antre nan etablisman an
- ✓ Se pou gen yon sistèm an plas pou kontwole fowl ki tou pre kontwa anrejistreman ou an, tankou yon liy ki byen vizib, oswa yon zòn datant deyò

- ✓ Byen afiche siy “Key to NYC” pou ankouraje kliyan yo pou yo li epi aprann sou manda Minisipalite a avan yo poze anplwaye ou yo kesyon



Konnen ki kote pou ale pou jwenn èd

Sèvi ak resous Minisipalite a ki te fèt pou ede ou nan chak etap nan chemen an:

- ✓ Ale sou [sit entènèt Key to NYC](#) pou jwenn kopi afich, kesyon yo souvan poze yo, ak yon modèl pou aplikasyon yo egzije yo
- ✓ Ale sou [sit entènèt SBS](#) pou jwenn enfòmasyon sou lòt resous biznis tankou aksè nan finansman ak èd gratis pou anbochaj
- ✓ Ale sou [sit entènèt CCHR](#) pou jwenn enfòmasyon sou lojman rezonab ak aplikasyon ekita
- ✓ Pou jwenn yon kote y ap bay vaksen tou pre ou/ biznis ou, ale sou [nyc.gov/vaccinefinder](#)
- ✓ Si anplwaye yo panse yo obsève yon fo prèv vaksinasyon – pa fè deba! Fòme anplwaye yo pou yo siyale lè w rele 311 oswa 833-VAX-SCAM (833- 829-7226), voye yon imèl bay Depatman Sante eta a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov, oswa ranpli yon [fòm plent](#).

